

# Quizz

## Lè nou di tout moun egal-ego sa vle di :

- Yo gen menm dwa devan lalwa
- Fòk yo gen menm chans nan lavi a
- Fòk yo lib pou chwazi metye yo vle
- Chak moun gen dwa fè sa li vle, jan li vle, lè li vle

## Pou pi jèn yo pran mayèt la, fòk...

- Yo koute granmoun yo, san wete san mete
- Yo travay byen lekòl
- Yo ranplase tout moun ki echwe
- Yo travay pou rèv yo tounen reyalyte
- Yo potekole nan travay kominote a

## Mete men pou kominote nou vanse sa vle di :

- Tounen yon bon pwofesyonèl
- Fè travay kominotè
- Pran ka sa ki pi pòv yo

## Meteye fanm se...

- Meteye kote ou pa bezwen fòs kouraj
- Meteye pale anpil
- Meteye Gason tou. Fanm ak gason ka fè menm bagay
- Meteye moun responsab

## Yon fanm kifè politik :

- Se yon fanm ki pa gen mari
- Se yon fanm ki pa okipe pitit li
- Se yon fanm ki gen kouraj pou li travay pou chanjman

## Yon gason ki etidye enfimyè :

- Se yon gason ki pèdi wòl li
- Se pa yon pwoblèm. Gason ak fanm egal-ego.

# CEDEF !

## a. Ki sa Konvansyon pou Elimine tout fòm Diskriminasyon kont Fanm lan ye?

Konvansyon pou Elimine tout fòm Diskriminasyon kont Fanm – ki gen ti non jwèt an franse – CEDEF se yon akò entènasyonal ki antre nan tout sistèm dwa moun Nasyonzi. Yo konn rele li tou Konvansyon Fanm osnon Lwa sou Dwa Fanm. Li se yon akò entènasyonal ki vle rann kondisyon fanm yo miyò.

CEDEF ankouraje lide ak demach pou fanm yo jwenn egalite nan sa ki gen arevwa ak dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak politik epi pou yo jwi dwa sitwayèn yo kòm sadwa.

Alèkile, CEDEF se sèl akò entènasyonal ki chita sou dwa fanm nan tout sektè lavi ak tout vye lide ak prejije fanm yo ap sibi (kit se diskriminasyon kiltirèl, kit se diskriminasyon ki makònen ak chapant sosyete a).

## b. Pou ki sa yon konvansyon tankou CEDEF enpòtan?

CEDEF se yon gwo akò entènasyonal sou dwa moun, kidonk ki rasanble latriye dispozisyon ki egziste nan dokiman Nasyonzi, pou desitire relasyon debalanse ant fanm ak gason nan sosyete yo. Li ankouraje Leta yo fè respekte dispozisyon sa yo pou yo kapab tounen bonjan zouti pou desitire tout **vye lide ak prejije sou Fanm**.

## c. Èske Ayiti asepte CEDEF?

Ayiti asepte CEDEF depi 1981. Men sa pa fè twò lontan depi Ministè Kondisyon Fanm ak Dwa Fanm koumanse sèvi ak li toutbonvre pou tabli dwa fanm yo an Ayiti.



# KONKOU 177

- Rele gratis tichèri nan nimewo 177 pou w reponn ti kesyon sa yo :**
- 1- Wi ou NON, Èske gen metye ki pou fi epi lòt ki pou gason ?
  - 2- Wi ou NON, Èske gen metye ki plis pase lòt ?
  - 3- Poukisa nou dwe aprann yon metye epi sèvi ak sa nou aprann ?
  - 4- Ki rèv Florans ak Deniz te genyen, èske yo te rive reyalyze rèv yo ?
  - 5- Ki tit ti nimewo jounal sa ?

Lè w rele gratis tichèri nan nimewo 177 la, toujou sonje bay non w, kibò w rete oubyen ap viv. Bòn chans...

# CHIMEN LAKAY

LAKAY SE LAKAY

EDISYON ESPEYAL

5 goud

## Ti fi, jèn fi, pran mayèt la, demen va pi bèl

TÈKS : MIKE CHARLES - DESEN : CHEVELIN PIERRE





... KÈK LANE PASE, TIMOUN GRANDI ...



DENIZ VLE ETIDYE JENI. GADE YON ENJENYÈ MWEN PA PÈ. SE GASON W YE SÈ M ? ENJENYÈ SE PA METYE FI PITT MWEN...



A ! MACHÈ PA GEN METYE KI POU GASON E LÒT KI POU FI. SI DENIZ TA VINI ENJENYÈ M TAP BYEN KONTAN. PASKE, M PAT JWENN CHANS POU M TE SA...



KONBYEN TAN SA AP PRAN ANKÒ AVAN DENIZ VINI ENJENYÈ SA CHERI ?



TAN PASE VIT DOUDO, SE PA LÒT JOU LA KE DENIZ AL LEKÒL ? MEN KOU-NYE A LI GENTAN FINI AK SEGONDÈ




SE VRE WI SAW DI A... KIDONK FÒK NOU SIPÒTE L E EY ! PRA L GEN YON ENJENYÈ NAN BOUK LA !



... EPI DENIZ KONTINYE ETIDYE...



ÈFÒ L REKONPANSE LÈ LI JWENN YON BOUS POU LI ALE APRANN JENI SIVIL ...



FLORANS BÒ KOTE PA L. AL FÈ TRAVAY KOMINOTÈ NAN KATYE L


EPI PALE AK SILA K AP VIV NAN KATYE A SOU KOUMAN YO DWE PWOTEJE TÈT YO KONT MALADI. ANKOURAJE YO POU YO KENBE KOTE Y AP VI LA PWÒP.




... LI MEN M TOU LI JWI FWI TRAVAY LI ... LI RESEVWA SETIFIKA POU SEVIS LI BAY KOMINOTE A NAN MEN DELEGE ZÒN NAN.



RÈV MEDAM YO REYALIZE. DENIZ TOUNEN YON GRAN ENJENYÈ JODI A. LA P TRAVAY AK ANPIL GWO KONPAYI



FLORANS, VINN YON AJAN KOMINOTÈ. LI SE MANM KAZEK YO PALE DE LI ANPIL POU GWO SEVIS LA P RANN



TOU 2 MEDAM YO GEN PWOJÈ POU ZÒN YO TE LEVE YA -

FLORANS, KILÈ PWOJÈ A AP KOUMANSE ?


MA P FÈ W KONNEN, MEN SE TOUT MOUN KI MOBILIZE FI KOU GASON, POU YO CHANJE FIGI KOMINOTE A



PWOJÈ KATYE A FINI, SE YON BÈL LEKÒL APRE INOGIRASYON AN. TOUT MOUN REYINI ANBA TONÈL BOUK LA. PITT DENIZ, PITT FLORANS E LATRIYE ...



YO DI DE MÒN PA KONTRE SE VRE... GADE KIJAN DE ANSYEN ELÈV MWEN YO KONTRE ANKÒ APRE PLIZYÈ LANE.



DENIZ, FLORANS, MWEN FYÈ DE NOU. NOU CHAK TE CHWAZI FÈ CHIMEN NOU RENMEN E JODI A NOU METE KONESANS YO ANSANM POU CHANJE FIGI KOMINOTE YO. GADE YON BÈL LEKÒL NOU FÈ. BRAVO MEDAM !!!

MÈSI MÈT BOB !!!

SE FWI TRAVAY OU TOU !